# ХЪАЗ ÆМÆ ЦЪИУТÆ

Мæргътæ æмæ фос изæры кæрты æрæмбырд сты. Уалынмæ дын къæвда рауарыд. – Тагъд лидзæм! – загъта карк æмæ æд цъиутæ алыгъд кæркдонмæ.

– Лидзон! Миау! – зæгъгæ, фæкодта гæды æмæ хæдзармæ алыгъд.

– Гъау! Гъау! – смæсты уарынмæ Шарик æмæ куыдздоны балæууыд.

– Му-уу! Му! Рауай сарамæ! Ныххуылыдз уыдзынæ уарынмæ! – бадзырдта хъуг йæ родмæ.

– Хъа-хъа-хъа! Царды хос у дон! Цины хос у дон! Скувæм арвмæ, æмæ нæ уарыны донæй бафсада! – дзырдта хъаз йæ цъиутæн. Хъазтæ доныл цин кодтой.

*Джимиты Кларæ*

